



**Si ou kwè ou te sibi diskriminasyon akoz
nasionalite w, oswa ou bezwen plis
enfòmasyon, tanpri kontakte:**

**Ou kapab pale tou ak sipèvizè moun ou
panse ki te diskrimine w la. Ou kapab pale
tou ak yon gwoup nan kominate a ki travay
sou pwoblèm dwa sivil moun.**

**Ansanm, nou kapab ede moun jwenn èd ak
sèvis yo bezwen yo, nan fason yo ka
konprann.**

Se grasa sipò Depatman Agrikilti Ozetazini,
Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini, ak
Depatman Jistis Ozetazini.



KONNEN OU DWA

Entèrajans Federal
Gwooup Travay sou
Moun ki gen konesans
limite nan anglè

*Eske w gen difikilte avèk anglè? Eske ou pa kapab
pale, li , ekri, oswa konprann anglè byen? Si se wi,
ou se yon moun ki gen konesans limite nan anglè
(Limited English Proficient, LEP)*

**Ajans ak òganizasyon Federal ki jwenn lajan nan
men gouvènman federal la dwe fe bonjan demach
pou ede moun ki gen difikilte ak anglè yo.**

**Pafwa, lè yon ajans oswa òganizasyon
gouvènman an pa ede w, se paske ou se yon
LEP, yo vyole lajwa. Yo rele sa Diskriminasyon
akoz nasionalite**

Si yo mal trete ou paske w se yon LEP, se kapab diskriminasyon akoz nasyonalite ki fè sa.



Gen yon lwa federal ki pwoteje dwa sivil ou.

Lwa sa a rele Title VI nan

Lwa sou Dwa Sivil an 1964.

Egzanz ka diskriminasyon posib:

1 Ou menm ak plizyè moun ki rete nan zòn ou an pale lang vyetnamyen ak Souven ale lopital pou resevwa swen ann ijans. Lopital la pa konprann pasyan LEP sa yo. Pifò pasyan vyetnamyen yo pa konprann sa lopital la di yo konsènan swen medikal yo.

2 Ou rele 911 pou rapòte yon krim. a operatè pa konprann ou e pa kapab ede ou.

3 Lekòl ptit ou voye enpòtan enfòmasyon oswa yon avi pou ou an Anglè. Lekòl la konnen se sèlman Espayòl ou pale. Lekòl la refize ba ou enfòmasyon nan lang Espayòl epi li mande olye de sa pou ptit ou entèprete enfòmasyon an pou ou.

4 Ou eseye aplike pou asistans manje. Aplikasyon an nan lang anglè. Ou fè pa konprann aplikasyon an. Travaye nan biwo asistans manje a di w pou retounen ak pwòp entèprèt ou.

Egzanz de Bon Pratik:

1 Lopital la konnen gen plizyè Moun ki pa kapab konprann Anglè ak pale vyetnamyen ap viv nan zòn nan Lopital la gen entèprèt ki pare e ki kapab ede w lè w ale lopital pou swen ann ijans.

2 Ou rele 911 pou rapòte yon krim. a operatè ap konekte w byen rapid ak Entèprèt ki ede ou.

3 Lekòl piti ou gen plizyè Paran ki pale Espayòl yo. Ia Lekòl la konnen se sèlman Espayòl ou pale. Ou ta dwe resevwa enfòmasyon oswa avi nan lang Espayòl.

4 Biwo Asistans manje a gen yon entèprèt, oswa kontakte yon telefòn Entèprèt, pou ede ou. □ Yon aplikasyon Yo ba ou nan lang ou.